

**Kuzvarwa kwajesu**



**Kuzvarwa kwajesu**



**Nhasi muguta raDhavidhi mazvarirwa  
Muponesi; ndiye Kristu Ishe. Ruka 2:11**

**Nhasi muguta raDhavidhi mazvarirwa  
Muponesi; ndiye Kristu Ishe. Ruka 2:11**

## Ruka 2:1-20 - Kuzvarwa kwaJesu

Mumazuva iwayo Kesari Ogasito akapa chirevo chokuti vagari vose venyika dzose dzaitongwa neRoma vaverengwe. 3 Uye mumwe nomumwe akaenda kuguta rake kuti andonyoresa.

4 Saka Josefawo akakwira achibva kuguta reNazareta muGarirea achienda kuJudhea, kuBheterehema guta raDhavidhi nokuti akanga ari weimba yaDhavidhi noworudzi rwake. 5 Akaenda ikoko kundonyoresa naMaria, waakanga atsidzira kuzowanana naye uye akanga ava napamuviri. 6 Vachiri ikoko, nguva yokuzvarwa kwomwana yakasvika, 7 akazvara dangwe rake, mwanakomana. Akamuputira nemicheka akamuisa muchidyiro chezvipfuwo, nokuti muimba yavaeni makanga musisina nzvimbo yavo.

8 Uye kwakanga kuna vafudzi vakanga vachigara kumafuro aiva pedyo naikoko, vachichengeta makwai avo usiku. 9 Mutumwa waShe akazviratidza kwavari, uye kubwinya kwajehovha kwakavakomba, uye vakatyva kwazvo. 10 Asi mutumwa akati kwavari, "Musatya. Ndauya nenhau dzakanaka dzomufaro mukuru uchava wavanhu vose. 11 Nhasi muguta raDhavidhi mazvarwa Muponesi; ndiye Kristu Ishe. 12 Ichi ndicho chichava chiratidzo kwamuri: Muchawana mwana akaputirwa nemicheka uye avete muchidyiro chezvipfuwo." 13 Pakarepo hondo huru yokudenga yakaonekwa pamwe chete nomutumwa vachirumbidza Mwari vachiti: 14 "Mwari ngaarumbidzwe kumusoro soro, uye rugare panyika nokuvanhu vaanofarira."

15 Vatumwa vakati vabva kwavari uye vaenda kudenga, vafudzi vakataurirana vachiti, "Handei kuBheterehema tindoona chinhu chaitika ichi, chataudzwa nezvacho naShe." 16 Saka vakakurumidza kusimuka vakaenda vakandowana Maria najosefa, nomwana, akanga avete muchidyiro chezvipfuwo. 17 Vakati vamuona, vakaparadzira shoko maererano nezvakanga zvataurwa pamusoro pomwana uyu, 18 uye vose vakazvinzwa vakashamiswa nezvavakataurirwa navafudzi. 19 Asi Maria akachengeta zvinhu zvose izvi akazvifungisisa mumwoyo make. 20 Vafudzi vakadzokera vachikudza nokurumbidza Mwari pamusoro pezvinhu zvose zvavakanga vanzwa uye zvavakaona, zvakanga zvakangoita sezvavakanga vataurirwa.

**40-06 The Birth of Jesus  
Poster**

[www.GodsPeopleStudy.org](http://www.GodsPeopleStudy.org)  
Bible Verses are Shona:  
*Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare*

## Ruka 2:1-20 - Kuzvarwa kwaJesu

Mumazuva iwayo Kesari Ogasito akapa chirevo chokuti vagari vose venyika dzose dzaitongwa neRoma vaverengwe. 3 Uye mumwe nomumwe akaenda kuguta rake kuti andonyoresa.

4 Saka Josefawo akakwira achibva kuguta reNazareta muGarirea achienda kuJudhea, kuBheterehema guta raDhavidhi nokuti akanga ari weimba yaDhavidhi noworudzi rwake. 5 Akaenda ikoko kundonyoresa naMaria, waakanga atsidzira kuzowanana naye uye akanga ava napamuviri. 6 Vachiri ikoko, nguva yokuzvarwa kwomwana yakasvika, 7 akazvara dangwe rake, mwanakomana. Akamuputira nemicheka akamuisa muchidyiro chezvipfuwo, nokuti muimba yavaeni makanga musisina nzvimbo yavo.

8 Uye kwakanga kuna vafudzi vakanga vachigara kumafuro aiva pedyo naikoko, vachichengeta makwai avo usiku. 9 Mutumwa waShe akazviratidza kwavari, uye kubwinya kwajehovha kwakavakomba, uye vakatyva kwazvo. 10 Asi mutumwa akati kwavari, "Musatya. Ndauya nenhau dzakanaka dzomufaro mukuru uchava wavanhu vose. 11 Nhasi muguta raDhavidhi mazvarwa Muponesi; ndiye Kristu Ishe. 12 Ichi ndicho chichava chiratidzo kwamuri: Muchawana mwana akaputirwa nemicheka uye avete muchidyiro chezvipfuwo." 13 Pakarepo hondo huru yokudenga yakaonekwa pamwe chete nomutumwa vachirumbidza Mwari vachiti: 14 "Mwari ngaarumbidzwe kumusoro soro, uye rugare panyika nokuvanhu vaanofarira."

15 Vatumwa vakati vabva kwavari uye vaenda kudenga, vafudzi vakataurirana vachiti, "Handei kuBheterehema tindoona chinhu chaitika ichi, chataudzwa nezvacho naShe." 16 Saka vakakurumidza kusimuka vakaenda vakandowana Maria najosefa, nomwana, akanga avete muchidyiro chezvipfuwo. 17 Vakati vamuona, vakaparadzira shoko maererano nezvakanga zvataurwa pamusoro pomwana uyu, 18 uye vose vakazvinzwa vakashamiswa nezvavakataurirwa navafudzi. 19 Asi Maria akachengeta zvinhu zvose izvi akazvifungisisa mumwoyo make. 20 Vafudzi vakadzokera vachikudza nokurumbidza Mwari pamusoro pezvinhu zvose zvavakanga vanzwa uye zvavakaona, zvakanga zvakangoita sezvavakanga vataurirwa.

**40-06 The Birth of Jesus  
Poster**

[www.GodsPeopleStudy.org](http://www.GodsPeopleStudy.org)  
Bible Verses are Shona:  
*Ndima dzomuBhaibheri muchishona chakare*